



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 20 NOUVO SIT TANPORÈ #VAXTOSCHOOL

***120 sit pral etabli nan tout eta a pandan plis pase 12 semèn pou ogmante pousantaj vaksinyon pami Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo***

***Nouvo sit yo pral anonse chak semèn sou yon peryòd 12 semèn; lis konplè sit yo pral mete ajou chak semèn [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 20 sit vaksinyon tanporè #VaxtoSchool (vaksen pou lekòl) pou ogmante pousantaj vaksinyon pami Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo. Nan 21 septanm, Gouvènè Hochul [te anonse](#) yon total 120 sit pral etabli sou yon peryòd 12 semèn nan tout eta a. Depatman Sante Eta a ap travay avèk lokalite yo, òganizasyon kominotè yo, ak sant swen sante ki sou plas yo pou etabli sit sa yo nan tout rejyon yo nan eta a. Patnè yo, sit òganizatè yo ak efò sansibilizasyon yo pral pèsonalize pou kominote yo kreye pou sèvi yo. Nouvo lokal yo etabli sou yon baz kontinyèl epi plis sit pral anonse chak semèn sou yon peryòd 12 semèn.

"Paran ak responsab yo—pa tann pou vaksinen timoun ou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Vaksen COVID-19 la san danje, efikas epi se pi bon fason pou kenbe Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo ak kominote lekòl nou yo pwoteje kont viris la. Nan kad efò #VaxtoSchool ki pi laj nou an, nouvo sit tanporè sa yo pral pote vaksen an bay kominote yo atravè eta a pou asire li aksesib pou tout fanmi New York yo".

Anons sa a chita sou angajman Eta New York pou rann sante ak byennèt elèv, pwofesè ak fanmi yo yon priyorite prensipal. Nan dat 29 septanm, [60.4 pousan](#) nan timoun 12 rive 15 ane ak [70.1 pousan](#) nan jèn 16 rive 25 ane te resevwa omwen yon dòz vaksen.

Jou fonksyonman yo pou chak nan sit vaksinyon tanporè #VaxtoSchool pou Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo anba a. Lis konplè sit #VaxtoSchool yo disponib [isit la](#) epi pral mete ajou chak semèn sou yon peryòd 12 semèn pou ajoute nouvo sit yo lè yo anonse. Nouvo lokal yo etabli sou yon baz kontinyèl epi plis sit pral anonse chak semèn sou peryòd 12 semèn lan.

### VIL NEW YORK

East Flatbush - Life of Hope  
1377 Brooklyn Ave  
Brooklyn, NY 11203

Ouvri: Jedi 30 septanm; 11:00 am - 5:30 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **MID-HUDSON**

Yonkers Public Library  
1500 Central Park Ave  
Yonkers, NY 10710

Ouvri: Vandredi 1 oktòb; 10:00 am - 4:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **WESTERN NEW YORK**

WNY Women's Foundation ak Harvest House pral òganize yon Senpozyòm sou Amelyorasyon Konpetans ak Byennèt  
175 Jefferson Ave  
Buffalo, NY 14210

\*Pou manm yo sèlman

Ouvri: Vandredi 1 oktòb; 5:00 pm - 8:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **VIL NEW YORK**

Mosholu Montefiore Community Center  
3450 Dekalb Avenue  
Bronx, NY 10467

Ouvri: Vandredi 1 oktòb; 10:00 am - 4:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech; Dezyèm dòz Pwen Distribsyon (POD)

### **SOUTHERN TIER**

Chenango Valley High School  
221 Chenango Bridge Rd  
Binghamton, NY 13901

\*Pou manm Chenango Valley High School District sèlman

Ouvri: Vandredi 1 oktòb; 2:40 pm - 5:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Janssen/J&J

### **FINGER LAKES**

NW Rochester Prep  
899 Jay Street  
Rochester, NY 14611

\*Pou manm NW Rochester Prep District sèlman

Ouvri: Vandredi 1 oktòb; 2:30 pm - 5:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **SOUTHERN TIER**

Broome-Tioga BOCES Main Campus  
435 Glenwood Rd  
Binghamton, NY 13905

\*Pou manm Broome-Tioga BOCES District sèlman  
Ouvri: Vandredi 1 oktòb; 10:00 pm - 12:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Janssen/J&J

### **LONG ISLAND**

Mastic Beach Fire House  
1080 Mastic Road  
Mastic, NY 11950  
Ouvri: Vandredi 1 oktòb; 1:00 pm - 5:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **FINGER LAKES**

Vertus Charter School  
21 Humboldt St  
Rochester, NY 14609  
\*Pou manm Vertus Charter School District sèlman  
Ouvri: Samdi 2 oktòb; 10:00 am - 2:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Janssen/J&J

### **WESTERN NEW YORK**

Lafayette High School/School #45  
370 Lafayette Ave  
Buffalo, NY 14213  
\*Pou manm Lafayette High School/School #45 District sèlman  
Ouvri: Samdi 2 oktòb; 10:00 am - 1:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **MID-HUDSON**

Grace Church Health Fair Mt. Vernon  
52 South 6th Ave  
Mount Vernon, NY, 10550  
Ouvri: Samdi 2 oktòb; 10:00 am - 4:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **VIL NEW YORK**

St. James Park  
2550 Jerome Ave  
Bronx, NY 10468  
Ouvri: Samdi 2 oktòb; 12:00 pm - 4:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **MID-HUDSON**

Kingston High School  
403 Broadway  
Kingston, NY 12401  
\*Pou manm Kingston School District sèlman

Ouvri: Samdi 2 oktòb; 12:00 pm - 5:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **MID-HUDSON**

Wallkill Senior High School  
90 Robinson Drive  
Wallkill, NY 12589

\*Pou manm Wallkill School District sèlman  
Ouvri: Dimanch 3 oktòb; 10:00 am - 3:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **VIL NEW YORK**

East Flatbush - Life of Hope,  
1377 Brooklyn Ave  
Brooklyn, NY 11203

Ouvri: Jedi 7 oktòb; 11:00 am - 5:30 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Janssen/J&J

### **MID-HUDSON**

Ossining High School (Sitiye nan jimnazyòm lan)  
29 S. Highland Ave  
Ossining, NY 10562

\*Pou manm Ossining School District sèlman  
Ouvri: Jedi 7 oktòb; 3:30 pm - 6:30 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **VIL NEW YORK**

Variety Boys & Girls Club of Queens  
21-12 30th Road  
Astoria, NY 11102

Ouvri: Samdi 9 oktòb; 10:00 am - 4:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech; Dezyèm dòz Pwen Distribsyon (POD)

### **VIL NEW YORK**

Child Development Support Corporation (CDSC)  
NYC Back 2 School Fair  
352 Classon Avenue (ant Clifton Plaza ak Lafayette Avenue)  
Brooklyn, NY 11238

Ouvri: Samdi 9 oktòb; 11:00 am - 3:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

### **MID-HUDSON**

Pilgrim Baptist Church, 80 N. Franklin Street  
Nyack, NY 10960

Ouvri: Samdi 9 oktòb; 10:00 am - 4:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

## **VIL NEW YORK**

Tracey Towers - 40 W. Moshulu Parkway Building #20

Bronx, NY 10468

Ouvri: Samdi 9 oktòb; 8:30 am - 4:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

Timoun ki gen 12 a 17 ane yo kapab pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech, ki disponib anba Otorizasyon pou Itilizasyon Ijans pou timoun ki gen 12 a 15 ane epi li apwouve konplètman pou sila yo ki gen 16 ane ak plis. Lòt vaksen COVID-19 yo poko otorize oswa apwouve pou gwoup laj sa a. Si ou se yon paran oswa responsab yon Nouyòkè ki nan laj pou lekòl, ou kapab ale tou sou [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye kòd postal ou nan mesaj bay 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon sit vaksen ki pi pre ou. Asire founisè a ofri vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.

Pou aprann plis sou vaksen COVID-19 la ak timoun ki gen pou laj lekòl yo, Nouyòkè yo ka vizite sit entènèt dedye nou an [ny.gov/vaxtoschool](https://ny.gov/vaxtoschool) oswa swiv [@VaccinateNY](https://www.instagram.com/VaccinateNY) sou Instagram.

Nou ankouraje paran yo pou asire timoun yo ajou nan tout vaksinasyon ki rekòmande ak obligatwa. Ale sou [sitwèb Depatman Sante](https://www.health.ny.gov) pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon ki rekòmande pou timoun ak adolesan.

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)